

# THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores  
Elementary School  
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100



MARCH 2024

# A note from Mr. Sabatino,



Chè Paran / Gadyan:

Nap mache poun rive nan mwa Mas la epi vakans prentan an ap rapidman avanse, sa vle di elèv nou yo ak pwofesè nou yo bezwen sa anpil paske yo te travay di! Pandan mwa Fevriye a, nou te genyen tès Aksè (ACCESS) pou elèv kap aprann lang Anglè yo kontinye, Krèm glase Kona, ak kamyon krèm glase nou an, epi tou SECME te nan konpetisyon.

Tès Aksès (ACCESS) nou an se yon tès leta pou elèv ELL (English Language Learners) nou yo montre ke yap grandi ak konpetans. Ekip ESOL nou an te travay ak anpil dilijans nan mwa Fevriye a pou yo te konplete tès la. Nou konnen ke elèv nou yo ap fè tou sa yo kapab.

Atravè PTO nou an, krèm glase Kona te sou lakou lekòl la epi elèv nou yo te ka achte krèm glase pandan yo te nan rekreyasyon. Sa se te yon lòt gwo ranmase lajan ki te dirije avèk ekip fantastik PTO nou an. Yon kamyon krèm glase kapab retounen nan mwa Mas la. Siw enterese ou kapab jwenn ak PTO nou an. Ou kapab jis gade rankont mansyèl nou an chak 3èm Mèkredi nan mwa a oswa ou kapab kontakte Samantha O'Brien.

Ekip SECME nou an te genyen konpetisyon anyèl nou an nan mwa Fevriye a epi tout elèv nou yo te genyen anpil konpetisyon amizan tankou lòt lekòl. Yo te pratike trè di epi yo te bati anpil atik, tankou Mouse Pèlen Machin ak Wòkèt Boutèy Dlo pou reprezante lekòl nou an. Se te yon evènman amizan epi eksitan chak ane, epi elèv yo te fè tout sa yo kapab pou te patisipe nan konpetisyon an. Nou tap tann ak kè sote rezilta yo pou te wè kòman timoun nou yo tap pèfòme epi ki twofe yo tap gen pou resevwa nan lekòl nou an.

Trimès sa a deja rive nan fen li epi nou konte pwen Kay (House) yo poun wè ki Kay ki kapab genyen plis pwen pou trimès sa a. Pandan mwa Fevriye a Nukumori se te lidè a men Protos, Isibindi, ak Alturismo pa janm kite sa, yo pral eseye fè yon pouse pou yo ka ratrape yo. Nou pral renmen wè kiyès gwoup kap genyen trimès sa a.

Nou toujou genyen rankont SAC ak PTO chak 3èm Mèkredi nan chak mwa. Tanpri kenbe dat sa a nan memwa ou epi eseye wè kòman pou kapab patisipe, alò ou genyen dènye enfòmasyon konsènan aktivite varye nan lekòl nou an. Egalman, eseye voye pitit ou a lekòl ak ti goute ki bon pou sante, sèl bwason nou rekòmande pou bay pitit ou a pou vin lekòl se dlo. Anfen, pa pake machin ou nan espas ki fèt pou bis yo, oubyen nan pwopriete vwazen nou yo lew ap depoze pitit ou lekòl la, oubyen lew ap vin chache yo. Liy nan pa pran anpil tan epi lèw rete nan liy nan ou plis pwoteje ou menm ak tout timoun yo.

Tanpri swiv enfòmasyon kap vini yo konsènan sware amizan pou fanmiy, lap fèt nan mwa Avril la. Toujou genyen sware amizan kote ou kapab jwen bon manje epi kominike ak lot moun ki nan lekòl la.

# After School Program

*Enskripsyon an ap kontinye..... Frè enskripsyon an se \$25 dola pou chak timoun.*

*2023-2024 Afterschool, Enskripsyon an kounye a li disponib Online.*

*<https://palmbeachcountryschools.reg.eleyo.com/pick> 2023-2024 ane lekòl la epi pa bliye pou chwazi Freedom Shores Elementary.*

## Ekolaj:

Frè pou mwa Mas a dwe peye totalman pandan oubyen anvan 15 Mas 2024 pou evite peye yon frè anplis pou anreta.

Nou te voye flyers Kan pou konje prentan an.

\$190 pou semèn nan

Li gen ladanl manje maten, manje midi ak 2 ti gouste.



## Imè

Kisa kominote Leprechaun reponn Comic-Con?

Lepre-Con

Ki kalite òtograf Leprechaun itilize?

Lucky Charms!

Kòman Leprechauns te fè rive nan Lalin?

Nan yon wockèt Sham.



# Counselor's Corner

Mrs. Heitz  
diana.heitz@palmbeachschools.org

Mrs. Briceno  
vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org

## Alo Paran ak Gadyen!

Si ekip ou a oubyen revni klian w nan se te \$75,000 oubyen pi piti nan 2024, yo kapab aplike depo taks yo gratis!

United Way of Palm Beach Country's Taxes Filed Free bay taks peyè avèk revni piti oubyen modere pou aplike gratis epi sa ka fèt nan posibilite an pèsòn oubyen Online pou prepare epi aplike taks retou gratis. Kanpay ki antre nan 21èm syèk premye ane nan 18 Janvye 2024, se yon sèvis ki gen anpil valè pou kominote ya. Ou ka vizite [www.taxesFiledFree.org](http://www.taxesFiledFree.org) pou aprann plis konsènan kanpay gratis taxes Filed, sèvis yo ofri ak ki kote sit nou ye nan tout kontre Palm Beach Country a. Ou ka aprann kote sit yo ye ak jou epi lè operasyon fèt ou ka rele nan numewo sa a 2-1-1.

Tanpri ede nou fè pwomosyon pou sèvis taks gratis sa a.

Pou konvenyans ou, nou atache afich pwomosyonèl la nan lang Anglè. Nou te kreye tou yon paj wèb ak resous telechaje gratis pou rann li fasil pou w ede United Way of Palm Beach Country ankouraje sèvis taks GRATIS sa a.

Mwen ankourajew pou gade resous ki disponib yo epi yo gen ladan yo:

[www.TaxesFiledFree.org](http://www.TaxesFiledFree.org)







Konsyans sou zafè andikap ak dileksya:  
Ou kapab jwenn resous yo nan lyen sa  
a: <https://fndusa.org/> or  
<https://www.undertood.org/en>



## **The Parent As Liaison (Pal)**

Paran kòm lyezon (Pal) se Ms. Mary Black, ou kapab jwenn li nan: [mary.black.c@palmbeachschools.org](mailto:mary.black.c@palmbeachschools.org) pou asistans lèw ap navige pandan ESE pwosis la. Pou plis enfòmasyon sou Pal yo epi Inivèsite paran yo, ou ka jwenn li la a:  
<https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.




## **Child Find**

"Child Find" ap ofwi enfòmasyon ak tès depistaj pou timoun 3-5 an ki gen difikilte pou yo aprann, pale, jwe, wè, mache, oubyen tandè. Pou kòmnnse pwosis la, silvouplè rele ekip "Child Find" lan nan nimewo telefòn sa a (561) 434-7337.



Siw gen bagay ou ta renmen konnen, oubyen nouvo bagay ou ta renmen pataje avek ekip ESE a, silvouplè kontakte Dr. Vereen, ESE Coordinator nan telefòn sa a 561-804-3110 oubyen nan email sa a: [sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org).



CONTACT:  
Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator  
[sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org](mailto:sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org)  
561-804-3110



Mas se Mwa Konsyantizasyon Andikap Devlopman.

Enfòmasyon pou enfòm fanmi yo.

- 
- Gade videyo I Dream of One World, tout moun genyen lè tout moun enkli e menm jan ak ou.
- Tcheke Gid Resous DD Awareness Month la ak konsèy ak resous pou ede tout moun selebre mwa a. Gid sa a pral mete ajou chak semèn jiska fen mwa mas la kòm nouvo resous yo ap soumèt. Vizite sitwèb NACDD pandan tout mwa a.

## 5 FAKS ENPÒTAN SOU ANDIKAP DEVLOPMAN

### 1. Kilè li kòmanse?

Pifò andikap devlopman yo kòmanse anvan tibebe a fèt, men kèk ka rive apre nesans akòz aksidan, enfeksyon oswa lòt faktè.

### 2. Kisa ki lakòz li?

Pifò andikap devlopman yo panse ke yo te koze pa yon konbinezon konplèks de faktè ki gen ladan jenetik, sante paran ak konpòtman (tankou fimen ak bwè) pandan gwosès, konplikasyon nesans, enfeksyon, ak ekspozè a nivo segondè nan toksin nan anviwònman an, tankou plon pandan gwosès. .

### 3. Plis pase yon milya dola

Anviwon 15% nan popilasyon mondyal la ap viv ak yon andikap.

### 4. Nimewo yo ogmante anpil

Plis ak plis moun ap viv ak andikap akòz chanjman demografik, tankou yon popilasyon ki aje ak ogmantasyon mondyal la nan maladi kwonik.

### 5. Swen sante ki pa apwopriye

Mwatye moun ki gen andikap yo pa kapab peye pou swen sante, konpare ak yon tyè nan moun ki pa gen andikap.



# Freedom Shores Elementary

## PTO & VOLUNTEER

Mèsi ak tout moun ki te sèvi kòm volontè epi ki deja ranpli 10 èdtan Volontè yo (ou ka toujou fè plis - nou renmen èd la!). Nou toujou bezwen plis volontè, gade etap sou kòman yo enskri anba a:

- Fè eskane ID ou atravè sistèm Raptor / VIPS.
- Ranpli yon aplikasyon pou volontè sou òdinatè sistèm Suivi VIPS count la.
- Ranpli fòmasyon volontè Distri a ak oryantasyon (Kowòdonatè Volontè a ap bay fòmasyon an).

Sonje ke ou pa kapab volontè nan pwòp klas pitit ou a. Li egzije kew konplete 10 èdtan volontarya anvanw ka vin yon chapewon nan pwomenad oubyen pou ede nan yon jou pwomenad.

Ou dwe konplete oryantasyon volontè a anvan ou sèvi kòm volontè nan nenpòt kan distri a.

### UPCOMING EVENTS

Nan 13 Mas.- PTO / SAC rankont a 7:00 am.  
15 mas - Kamyon krèm glase (Jou jaden)



**FOR MORE PTO INFORMATION:**  
[freedomshorespto@gmail.com](mailto:freedomshorespto@gmail.com)

**FOR MORE VOLUNTEER INFORMATION:**  
[freedomshoresvolunteers@gmail.com](mailto:freedomshoresvolunteers@gmail.com)





**Freedom Shores  
Elementary**

# **PTO & VOLUNTEER**

Bonjou tout moun,

Fanmi Freedom Shores nou an te fè sa ankò!! Nou te fè yon lòt gwo evènman e mwen te jis vle pran yon ti moman pou m remèsye nou chak ki te ofri tan nou ak efò nou yo pou fè Dans Zanmitay la yon siksès konsa. Sori ak ri timoun yo pandan dans la se te yon rapèl enpak pozitif ke nou ka genyen sou lavi yo. Li te tèlman bèl wè elèv yo ap pran plezi!!

Ankò, mwen vrèman rekonesan pou tout sa ou fè. Devouman ou ak travay di pa t 'pase inapèsi.

## **GWO RELIYE:**

Daliana, Audra, Madam Fuller, Madam Castro, Madam Szachor, Carol Balet, Lindsay Keyser, Cindy Dube, Madam Tringali, Madam Zdieba, Madam Roseman, Madam Morrin ak pitit fi, Madam Salley, Madam Contreras , Eve Philistin, Madam Puente, Rommy, Madam Klisiak, Madam DeRojas, Madam Bergeron, Madam Quinn, Madam Karpman, Ana, Madam Dery, Madam Tejada , Gabe ak zanmi, Mesye Abbott, Mesye. Sabatino, Ofisye Tom ak Anplwaye Gad nou an. (Si mwen te manke ou mwen vrèman regrèt epi jis konnen ke ou apresye .. Mwen pa t 'kapab fè li pou kont mwen !!)



# BACK TO School

SCAN FOR HELPFUL PARENT LINKS

S.O.A.R



Will be updated as information comes out



# Dual Language & Esol



## ACCESS TESTING

Tès Access: Tès yo dwe konplete nan mwa sa a pou elèv nan K-5è ane. Rapò endividyèl elèv yo pral jwen paran yo nan periòd otòn nan.

Konferans paran yo: Li enpòtan pou nou konnen kòman pitit nou ap travay akademikman. Pwofesè yo pwograme 2èm konferans paran yo. Siw pat genyen yon rankont tanpri kontakte pwofesè pitit ou a.

---




Sipòte aprantisaj nan lang opoze ak lang ou pale lakay: Sa kapab ekstrèman yon defi si pitit ou a se sèl moun nan fanmiy an ki pale 2 lang nan kay la. Verite a se, developman lang mande travay di nan sal klas egalman! Elèv yo angaje yo nan pwodiksyon lang avèk Scaffolds ak sipò ke pwofesè yo bay, tan yo genyen pou pale lang lan, epi opòtinite pou yo kominike avèk lòt sipò yo kapab itilize. Konfyans yo bati atravè sipò sa yo epi konsa langaj evantyèlman koule. Bagay ou ka fè lakay ou a pou ede pitit ou a angaje nan plezi langaj. Gade fim li pi renmen nan lang sib la, tandè pawòl ki nan liv anrejistre, oubyen kreye kat fanmi kote tout moun ap praktike vokabilè epi aprann lang sib la. Jwenn fason pou fè aprann lang lan lakay ou oswa nan woutin chak jou pou ke pwofesè a pa sèlmanmoun kap ekspoze lang lan. Pandan ke etap sipleman tè sa yo kapab pran tan, sa vo lapèn pou ou genyen yon atitid pozitif ak mantalite alantou aprantisaj lang.

---

Nap gade devan pou wè ou nan seri 2 doub lang nan: Bi Lengwis ak Bi Alfabetizasyon. Lap rive 28 Mas 2024 la nan aprèmidi.

Atelye angajman paran doub lang yo gen entansyon pou ranfòse paran yo avèk yon konpreyansyon klè ak pataje nan edikasyon doub langaj pou byen devlope epi pou kapab ede elèv yo byen devlope ak jwenn tout potansyèl yo nan bileng, alfabetize, ak sosyo-kiltirèl.



## Kindergarten:

Nou sètènman ap mache sou semès sa a! Twa mwa nan Nouvèl ane sa a! Tan an sitèlman vole lè nou ap aprann epi pran plezi! Anpil bagay enteresan te pase nan mwa sa a ansanm ak anpil gwo opòtinite aprantisaj. Nan lèkti, Jadendanfan nou yo te itilize plizyè estrateji diferan pandan pwosesis lekti a! Elèv yo te travay trè di pou dekòde tèks ak konprann sa yo te li. Yo egalman aprann pou yo reli tèks la jiskaskel sonnen byen epi lis. Li trè enpòtan pou sipòte pitit ou a lakay nan lèkti pi li ak yo chak jou epi mande yo pou yo li pou nou tou. Aprè yo fin li, mande pitit ou a sa ki gen awè ak karaktè liv la. Diskite avèk yo ki karaktè (aksyon) yo te wè nan liv la, epi kòman karakte sa yo fè konsa. Mande pitit ou a pou itilize yon foto oubyen yon pati espesifik nan tèks la pou sipòte kisa yo diw konsènan karaktè sa yo. Nan Matematik, elèv yo te pratike konte epi rekonèt nimewo yo konte jiska 100. Egalman nap travay sou plizyè estrateji pou fè adisyon ak soustraksyon, rezoud pwoblèm, epi ogmante konesans reyalyte nan lespas 20. Nou apresye èd siplemantè wap bay pitit ou a sou enfòmasyon debaz Matematik yo, anplis ajoute at soustraksyon na 20.

## First Grade:

Fanmiy premye ane yo.... Èkew ka kwè sa li prèske nan mwa Mas!! Se yon gwo bagay pou wè jan timoun yo ap grandi ak pwogrè yap fè. Mèsi pou tout efò wap fè lakay ou pou ede pitit ou a nan lekòl la. Men kèk sijesyon ki kapab itil pou sipòte pitit ou a lakay: Li oubyen tande yon liv (fiksyon ak nonfiksyon), revize tan an (yon èd tan ak demi pase) epi valè yon pyès monnen (yon peni lajan, nikel, santim, yon ka dola), pale de pase, prezan, ak fiti, epi diskite resous natirèl yo. Kèlke rapèl: Tyeke katab pitit ou a chak swa, epi mande yo kòman jounan yo te pase, epi ankouraje yo pou yo jwen yon plas brikabrak epi li omwens 20 minit chak jou! Gade nan pòtal pitit ou a epi tyeke Kib SIS la... Ou kapab jwenn grad yo, rapò pwogrè yo, ak rezilta yo. Kontinye ale nan referans yo pou ogmante konesans nan lèkti ak refleksyon Matematik pou ogmante faktè reyalyte! Nou konsantre nou sou mwa sa a kise mwa istwa fanm. Lakay, diskite istwa fanm... kiyès yo ye, epi poukisa yo enpòtan. Ale konsa nan bon travay! Espere ke chak moun an sekirite epi gen yon repo prentan nan sante! Nou tout merite li!

## Second Grade:

Nou paka tann poun selebre semèn Doktè Seuss la kise premye semèn nan mwa Mas la. Gade nan kalandrye lekòl la oubyen gade nan katab ble a pou wè ki rad nou dwe mete! Mwa sa a nan Matematik nou te aprann anpil bagay konsènan adisyon epi soustraksyon ak nimewo twa chif. Nou te aprann anpil estrateji ki ka ede nou aprann. Inite sa a nan lèkti se tou sa ki hen awè ak envestigasyon nan sak pase anvan epi kòman poun konprann pase a poul ede nou ale pi douvan. Nan Syans, nou te aprann konsènan Fòs ki bò kote nou. Tanpri, sonje ke repo prentan an ap kòmanse 18 Mas epi jou jaden an se 15 Mas. Mèsi pou sipò konstan ou!!

## Third Grade:

Kòm nap fè tranzisyon poun rive nan sezon prentan an. Nap prezantew kèk dat ak Selebrasyon ou dwe mete nan lespriw: Mwa Mas se mwa istwa fanm, se yon tan poun selebre epi onore kontribisyon ak reyalizasyon fanm nan listwa. Nou kapab aprann anpil sou kèk nan fanm enspire ki te fè empak siyifikatif nan divès domèn ak endistri yo.

Kenbe yon je sou dat Asanble Twofe Rekonesans nou an kote nap kapab selebre reyalizasyon ak efò elèv nou yo te fè pandan 2èm trimès la. Plis detay ap vini byento, kidonk rete branche.

Repo prentan an ap apwoche! Elèv yo kapab nan repo sòti 18 Mas pou rive 25 Mas. Nou espere ke chak nan yo kapab gen yon bon tan repo ak moman jwaye. Se yon opòtinite ekselan pou elèv nou yo repoze, revitalize, epi pase bon jan tan ak fanmi ak zanmi. Kit wap vwayaje oswa siw ap jwi yon sejou, nou swete w yon repo ki an sekirite ak agreyab!

Silvouplè pran yon moman pou revize detay sou kalandrye lekòl la pou evènman kap vini ak dat enpòtan yo. Sonje pou ede pitit ou a prepare pou egzamen F.A.S.T la lè ou fè pitit ou a li chak swa epi konplete devwa lakay yo. Pratik konsistan se kle pou siksè! Mèsi pou patenarya ak sipòw kap kontinye. Ansanm, nou kapab ede ti moun nou yo pwospere epi fè siksè.

## **Fourth Grade:**

**Gade sa kap vini nan klas 4èm ane!! Mwa Mas se mwa istwa fanm, 10 Mas se jounen ekonomi, 14 Mas nap genyen yon kamyon krèm glase pandan rekreyasyon an, 15 Mas se jou pwomenad, 17 Mas se jou St. Patricks, 18 Mas pou rive 25 Mas se repo pou prentan an, epi 26 Mas se pwomenad nan St. Augustin pou sa yo ki te peye ak konfime patisipasyon yo!!! Devwa yo kapab toujou fèt chak jou. Mèsi pou tout sipòw ak kominikasyonw!!**

## **Fifth Grade:**

**Jwaye Prentan! Nou te okipe nan aprann anpil bagay nan 5èm ane a. Nan ELA nou te travay nan yon inite siviv. Elèv nou yo te revize tout konsèp lèkti pou yo kapab prè pou pita nan Tès Eta a pou prentan an. Nan Syans, nou te al aprann tout bagay ki gen awè ak sistèm solè. Nan Matematik, nou te aprann sou konsèp Jeometri, epi tou nou kapab ale nan entèprete done yo. Men nan mwa kap vini yo, nou kapab pran evalyasyon Eta a nan Lèkti, Ekri, Matematik ak Syans. Pote atansyon lè lekòl la voye dat tès yo lakay ou. Nou espere pou chak moun pase yon Bon moman nan Repo Prentan an.**



# MARCH 2024



SUN	MON	TUE	WED	THU	FRI	SAT
31					1 Maintenance Worker Appreciation Day Last day of book fair Dollar, No Collar	2 Read across America Day
3 National School Breakfast Week	4 Come decked out in your house colors Happy Birthday, Dr. Seuss- Crazy Sock Day	5 Green Eggs and Ham Day, Wear Green Common Sense Parenting 5:30pm- 7:30pm	6 Wacky Wednesday (Wear mismatched clothes/shoes)	7 Crazy Hair/Pajama Day	8 7:15am- 5th grade literacy breakfast International Women's Day Character Day- Dress up as any Dr. Seuss Character	9
10 Daylight Savings "Spring Forward" 	11 Come decked out in your house colors Recognition Ceremonies 4th Grade: 8:15am - 8:55am 3rd Grade: 9:05am - 9:45am	12 Recognition Ceremonies Kindergarten: 8:15am - 8:55am 1st Grade: 9:05am - 9:45am Common Sense Parenting 5:30pm- 7:30pm	13 7am- SAC/PTO Mtg in Media Center Recognition Ceremonies 2nd Grade: 8:15am - 8:55am 5th Grade: 9:05am - 9:45am	14	15 Ice Cream Truck Field Day	16
17	18	19	20	21	22	23
Spring Break- Be Safe!! Read 30 minutes daily! 3/18 to 3/22						
24	25 Teacher Work Day- No School	26 Students Return! 4th grade trip to St. Augustine Common Sense Parenting 5:30pm- 7:30pm	27	28 Dual Language Parent Series - Pt 2 5:00 pm - 6:30 pm Cafeteria	29 No School	30
Safety Patrols in DC ---3/26 to 3/29						